# DEKLARASYON DANGAJMAN

**Mwen,** sousiyen_________________________________ aprè **Mwen** fini li, konprann ak analize chak grenn **Atik** nan **Estati** a ak **Règleman Entèn Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO). Mwen** pran angajman jan sa ekri nan **Atik** yo ak **Estati** a pou **Mwen**:

**A-** Respekte san manke yon yota tout sa ki anndan **Estati Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ak **Règleman Entèn** yo.

**B-** Veye sou konpòtman lòt manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pou rive respekte menm jan avèk **Mwen** tout **Règleman** ki nan **Estati** a ak nan **Règleman Entèn** yo san fòs kote ak kèlkeswa manb li ye a.

**C-** Ede yon lòt manb analize epi ba li bon jan eksplikasyon sou tout **Atik** li pa rive byen konprann nan **Estati** a ak **Règleman Entèn** yo.

**D-** Refize solidarite **Mwen** ak yon manb ki vyole yon **Atik** oubyen plizyè **Atik** nan **Estati** a ak **Règleman Entèn** yo ni fè chantaj ak yon sanksyon dirijan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ta pran kont yon manb.

**E-** Koube anba tout sanksyon ki prevwa ak tout manb ki vyole yon **Atik** oubyen plizyè **Atik** ki anndan **Estati** a ak **Règleman Entèn** yo.

**F-** Sèvi ak **Estati** a, epi ak **Règleman Entèn** yo tankou yon zouti pou mete lòd nan mitan manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** kòm referans **Òganizasyon** an nan tout desizyon ki ap pran pou pwogrè **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** elatriye.

**Fèt Nan Dat 02 Desanm 2022**

**Dat______/_______/_______**

_________________________________
**Siyati Manb OHO**